

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar lima hal anu patali jeung métode panalungtikan, nya éta wangenan operasional, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data sarta téhnik ngolah data.

#### 3.1 Wangenan Operasional

Pikeun cecekelan dina ngalaksanakeun panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu diécéskeun.

1) Adegan Kalimah

Adegan kalimah nya éta tata susun katut pola-pola dina wangunan kalimah katut babagianana.

2) Kalimah Salancar

Kalimah salancar nya éta kalimah anu diwangun ku hiji klausa bébas; diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan ku objék, panglengkep, jeung katerangan boh henteu (Sudaryat, 1991: 87).

3) Carita Pantun *Lutung Leutik*

Carita pantun kaasup kana karya sastra sampakan, nya éta karya sastra anu dianggap asli, ayana teu kapangaruhan ku karya sastra sején. Carita pantun *Lutung Leutik* nya éta carita pantun anu nyaritakeun ngeunaan lalampahan Radén Bungsu Karma Jaya dina néangan wanoja nu aya dina impénanana, nya éta Bagendansari.

#### 4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta sajumlahing matéri anu baris ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar ngajar (Sudjana, 1982: 36).

Dumasar kana wangenan di luhur, anu dimaksud ku adegan kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik* pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMA nya éta déskripsi adegan kalimah salancar tina carita pantun *Lutung Leutik* sarta rarancang bahan pangajaranna pikeun murid SMA.

### 3.2 Sumber Data

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data ditalungtik (Arikunto, 2006:129).

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh kalimah salancar dina Carita Pantun *Lutung Leutik* nu kandelna 255 kaca, ukuran bukuna nyaéta 20,8 cm x 15 cm x 1 cm. Carita pantun *Lutung Leutik* dipantunkeun ku Ki Kamal sarta dipublikasikeun dina wangun buku ku Proyék Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah. Sakabéh kalimah salancar tina éta carita pantun dijadikeun populasi, sakabéh populasi dijadikeun sampel. Jadi, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel total. Ari sempalan carita pantun *Lutung Leutik* diébréhkeun ieu di handap:

urang nyaritakeun deui

nyaritakeun Kangjeng Raja

nu ngantos di méga malang

ayeuna kacarios deui

”ana kitu moal néangan jurig teu kadeuleu

kami rék mudun baé

ka nagara Margacina

sugan malakmandar kapimilik

katemu pikeun pijadieun

pikeun pijodoeun awak”

ningali ti awang-awang

Kangjeng Ratu sedeng ngajugjug

ka nagara Margacina

gancang kacariosna mudun ti awang-awang

koléar. . . . . !

gejlig!

ka alun-alun nagara Margacina sumpingna

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji cara (prosédur) anu kudu digunakeun dina métode nu tangtu pikeun meunangkeun data. Sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik dokuméntasi atawa ulikan pustaka.

Ari langkah-léngkah ngumpulkeun data tina sumber data saperti ieu di handap:

- a. Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta carita pantun;
- b. Maca jeung nyirian data;
- c. Nuliskeun data anu kapilih dina kartu data, sakalian nangtukeun idéntitasna;
- d. Milah-milah korpus dumasar kana ciri-ciri anu sarua;
- e. Méré nomer korpus dina kartu data; jeung
- f. Mindahkeun data tina kartu data kana tabél.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina prak-prakanana nganalisis data, instrumén anu digunakeun nyaéta sistem korpus atawa kartu data. Carana ku jalan nyalin deui kalimah-kalimah salancar anu kapanggih tina carita pantun *Lutung Leutik*, dilengkepan ku kaca, padalisan, jeung alinéa tempat dicokotna éta kalimah, nyirian kalimah salancar maké gurat handap, sarta nangtukeun kalimah salancar disawang tina jumlah jeung klausa pangwangunna.

Ieu di handap conto kartu data:

KARTU DATA	
Kode	: (CPLL/109/1/2)
Kalimah	: Bébéne mulangkeun carék
Wangun kalimah	: Kalimah salancar basajan
Adegan kalimah	: J + C + U
Harti kalimah	: Palaku-kalakuan

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap:

1. Mariksa atawa niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
2. Masing-masing kalimah salancar dikelompokkeun dumasar kana jumlah jeung klausa pangwangunna;
3. Ngitung perséntase kalimah salancar;
4. Nyieun kacindekan tina kalimah salancar anu ditalungtik; jeung
5. Nyusun bahan pangajaran kalimah salancar basa Sunda pikeun murid SMA.

